



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

POU ONORE JOUNEN VETERAN YO, GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF AK LEJISLASYON POU SIPÒTE EWO YO KI TE SÈVI PEYI NOU AN

Gouvènè Hochul siyen dekrè egzekitif la pou amelyore kalite lojman sipò ki disponib pou veteran ak fanmi militè yo

Lejislasyon S.8596-A/A.9205-A elaji Pwogram Prim Ekolaj pou Veteran yo bay Veteran Militè ki pa konbatan k ap viv nan Nouyòk

Lejislasyon S.5195-B/A.4611-B elaji aksè a benefis veteran pou moun ki te sèvi andeyò tan lagè

Lejislasyon S.7544/A.7173 mande pou Ajans Eta yo etabli yon lyezon veteran pou kowòdone ak Depatman Sèvis Veteran

Lejislasyon S.9258 /A.9850 pral amelyore aksè veteran yo a enfòmasyon sou benefis yo

Lejislasyon S.2413-C/A.4613-C bay plis sipò finansye pou antèman veteran yo

Uit nouvo lwa pral chanje non wout ak pon eta yo pou onore memwa ewo nou yo ki tonbe yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif nan apresyasyon Jounen Veteran yo pou onore sèvis ak sakrifis veteran Nouyòk yo. Lejislasyon an yo adopte jodi a gen ladann chanje non pon ak otowout atravè eta a an lonè ewo ki tonbe yo ansanm ak mezi ki amelyore aksè a benefis veteran yo, ki reflekte angajman inebranlab Nouyòk pou onore ak sipòte veteran yo ak fanmi yo. Gouvènè Hochul te siyen tou yon dekrè egzekitif pou amelyore kalite sèvis lojman sipò ki disponib pou veteran ak fanmi militè Nouyòk yo lè li etabli kondisyon fòmasyon pou founisè lojman sipò-ki resevwa lajan Eta a pou bay veteran yo lojman sipò.

"Jodi a, nou reyafime angajman nou anvè gason ak fanm vanyan ki te sèvi peyi nou an nan asire eritaj yo a rete nan kominote atravè Nouyòk," **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Lwa sa yo non sèlman onore ewo ki tonbe yo, men tou elaji resous enpòtan pou veteran yo ak fanmi yo, pou asire yo resevwa rekonesans ak sipò yo merite."

Dekrè Egzekitif 41 egzije fòmasyon anyèl pou founisè lojman sipò atravè Nouyòk ki resevwa lajan Eta a pou deziyen yon sèten kantite inite lojman pou veteran yo. Pwogram fòmasyon an, ke Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans Services, DVS) Eta Nouyòk pral ofri gratis, pral konsantre sou konpetans kiltirèl militè ak aksè a benefis ak sèvis pou veteran ak fanmi militè yo. Sa ap ede asire ke nenpòt veteran nan yon pwogram lojman sipò pou veteran eta a finanse resevwa sèvis pa moun ki konprann eksperyans inik yo epi ki ka konekte yo ak benefis ak sèvis yo te touche nan sèvis militè yo.

Atravè yon akò ak Lejislati a, Lejislasyon S.8596-A /A.9205-A pral finalman bay veteran militè yo ki te sèvi pou omwen 4 ane epi ki abite nan eta a posibilite pou yo kalifye pou [Prim Ekolaj Veteran](#), kèlkeswa si yo te sèvi nan konba. Anba ekspansyon istorik Prim Ekolaj Veteran sa a, plis Veteran pase tout tan anvan nan Eta Nouyòk pral jwenn aksè a opòtinite edikasyon siperyè, ouvri nouvo pòt pou veteran ki abite nan Eta Nouyòk nan chemen karyè dirab, rekonpanse nan apre pwofesyon apre sèvis militè yo chwazi.

Lejislasyon S.5195-B/A.4611-B retire egzijans pou yon veteran te sèvi nan tan lagè pou yo te ka jwenn kèk benefis. Eta Nouyòk rekonèt ak fyète ke tout veteran merite benefis ak resous Eta a ba yo ke yo te pwoteje ak defann atravè sèvis militè yo. Lejislasyon sa a amande lwa aktyèl la lè li retire egzijans pou veteran yo dwe te sèvi pandan yon peryòd sèvis tan lagè ki defini espesyalman pou yo jwenn aksè nan benefis ak sèvis enpòtan veteran yo.

Lejislasyon S.7544/A.7173 egzije deziyasyon yon lyezon veteran nan chak ajans eta egzekitif. Anpil ajans Eta Nouyòk ofri anpil sèvis vital pou Veteran, Militè ak Fanmi Militè. Pou egzanp apwòch gouvènman Eta a "pa gen okenn move pòt" pou sèvi moun k ap sèvi nasyon nou an, lejislasyon sa a mande ajans Eta Nouyòk yo pou yo deziyen yon lyezon veteran pou bay enfòmasyon ak asistans pou Veteran, Militè, ak Fanmi Militè konsènan benefis ak sèvis ki disponib nan ajans Eta patikilye sa a, epi pou kowòdone dirèkteman avèk Depatman Sèvis Veteran Eta Nouyòk.

Lejislasyon S.9258/A.9850 gen rapò ak veteran k ap resevwa enfòmasyon sou benefis yo. Enfòmasyon egzak sou benefis veteran yo se youn nan zouti ki pi enpòtan pou mete nan men Veteran yo, Militè yo ak Fanmi Militè yo. Lejislasyon sa a asire ke moun ki mande ak jwenn yon notasyon Veteran sou lisans chofè Eta Nouyòk yo oswa kat idantifikasyon ki pa chofè yo resevwa enfòmasyon sou sèvis Depatman Sèvis Veteran Eta Nouyòk la bay gratis, ansanm ak opsyon pou yo konekte dirèkteman ak Depatman Sèvis Veteran yo pou resevwa atansyon endividyèl ak defans nan men Depatman an.

Lejislasyon S.2413-C/A.4613-C bay yon ajisteman anyèl pou ranbousman pou sèten antèman veteran yo. Bay yon plas final onore pou moun ki te sèvi eta ak nasyon nou an se youn nan devwa sakre ak esansyèl Nouyòk. Lejislasyon sa a pral bay ogmantasyon regilye nan pwogram ranbousman Eta Nouyòk la pou ede yo kouvri depans finè ak

antèman pou Veteran ki mouri nan povrete yo, pou asire ke okenn Veteran nan Eta Nouyòk pa janm ale san onè final yo merite yo.

Lejislasyon S.6469-A/A.4089-A chanje non yon pòsyon otowout sou State Route 747 nan Montgomery kòm "Otowout Memoryal Steve Nicoli." Onorab Steve Nicoli te dedye lavi l nan sèvis piblik, kominote l ak peyi l. Kòm yon veteran lame, Steven te sèvi nasyon nou an ak onè ak distenksyon. Lè li fin fè sèvis li, li te pase tan li ap onore veteran Ameriken yo. Steve, ansanm ak yon gwoup zanmi patriyotik, te etabli Hudson Valley Honor Flight nan Walden, NY. Misyon òganizasyon sa a, ki se sèlman youn nan plis pase 100 chapit atravè peyi a kòm yon pati nan National Honor Flight Network, se onore veteran nou yo ak yon vizit ki peye tout depans yo pou memoryal yo nan Washington D.C. Vwayaj sa a se yon jou onè ke anpil nan veteran nou yo pa janm fè eksperyans pandan ane sèvis yo. Pandan dis ane ki sot pase yo, Hudson Valley Honor Flight te pran plis pase 2,000 veteran sou plis pase 25 vòl k ap sèvi Hudson Valley ak zòn twa eta yo. Nan 2021, Steve te mouri toudenkou men yo kontinye santi enpak li jodi a atravè vòl onè a ak anpil lòt efò dezenterese li te fè pati. Sitiyasyon wout yo ki pral nonmen nan onè li a se wout ke chak gwoup veteran vòl onè kondui pandan y ap antre nan Nouyòk - Ayewopò Entènasyonal Stewart. Lè nou bay non wout sa a nan onè Steven, n ap komemore pou tout lavi li sèvis pou veteran nou yo ak fanmi yo.

Lejislasyon S.5937-B/A.4924-B chanje non pon an sou State Route 79 ki travèse Rivyè Chenango nan Greene kòm "Pon Memoryal SP4 Herman Emil Anders, Jr." Onore Herman Emil Anders, Jr. te antre nan lame Ameriken an kòm yon SP4 ki te plase nan Konpayi A, 3yèm Peloton, 3yèm Batayon, 22yèm Enfantri kote li te resevwa anpil meday tankou Etwal Bwonz, Kè koulè Mòv, Defans Nasyonal, Merit Militè, Kwa Galantri ak Palmye. Li te touche meday yo pou ewoyis li an koneksyon avèk operasyon militè k ap sèvi kòm yon pati nan batri atiri nan 4yèm divizyon enfantri a kont yon fòs ostil. Pandan ke yo te nan Vyetnam, SP4 Anders distenge tèt li kòm yon lidè ekip nan yon operasyon konba. La, li te ekspoze tèt li nan atak zam lejè ak lanse wòkèt trè egzat pou montre sib lènmi yo pandan l t ap dirije inite l pou retire li pou pozisyon segondè a. SP4 Anders te afwonte plizyè sòlda ènmi anvan yo te akable anba fòs ènmi yo. SP4 Anders te montre kouraj ak devosyon nan devwa pandan l te kenbe pi gwo tradisyon sèvis militè yo.

Lejislasyon S.6715-B/A.9578 chanje non pon sou State Route 109 ki travèse Southern State Parkway nan Babilòn kòm "Pon Memoryal Lyetnan Kòmandan Phillip Wayne Johnson." Lyetnan Kòmandan Phillip Wayne Johnson te sèvi eta li, peyi li ak kominote li nan Long Island pou tout lavi li. Li te gradye nan Akademi Marin Komèsan Ameriken an epi li te sèvi nan rezèv yo jiskaske li te jwenn liberasyon onorab li an 2001. Pandan sèvis li a, li te devlope plan Fòmasyon Marin pou pwogram Tank Naval pou Debakman, pwogram Dragè Min Oseyan Rezèv Naval ak pwogram Ekip Konsiltatif Anbake Rezèv Naval la. Apre sèvis li, li te travay kòm yon enjenyè k ap desine pwojè tankou pwojè Sunrise Highway epi pita li te travay pou plis pase yon deseni pou NYCHA. Pou rekonesans kontribisyon li nan peyi li ak kominote a, yo pral dedye pon NYS Route 109 sou Southern State Parkway nan Vil Babylon, Konte Suffolk nan onè li kòm "Pon Memoryal Lyetnan Kòmandan Phillip Wayne Johnson."

Lejislasyon S.4563-A/A.10523-A chanje non State Route 17M nan Wallkill kòm "Otowout Memoryal Premye Klas Prive Richard Cleveland Dunn." Onore Richard Cleveland Dunn te blese an Frans pandan Dezyèm Gè Mondyal la e li te resevwa meday sèvis, meday bon konduit, ak meday viktwa Dezyèm Gè.

Lejislasyon S.8338-A/A.7956-A chanje non pòsyon otowout sou State Route 19 nan Gainesville kòm "Otowout Memoryal T Sgt Walter Shearing." Onore TS (Sèjan Teknik) Shearing te sèvi peyi li ak kouraj ak onè pandan Dezyèm Gè Mondyal la. T Sgt. (Sèjan Teknik) Walter W. Shearing te nan 7yèm Lame Jeneral Patton, 324 Rejiman Enfantri, 44yèm divizyon renome. Li te goumen nan batay Bulge la. Malerezman, TS Shearing te mouri an aksyon nan dat 17 avril 1945. Li te resevwa de Meday Etwal Bwonz, avèk yon gwoup fèy pye bwadchenn chak, Purple Heart, ak badj infantri konba.

Lejislasyon S.9338/A.10312 chanje non pon ki sou Washington Avenue k ap travèsè Interstate 90 nan Rensselaer kòm "Pon Memoryal CW2 Casey N. Frankoski." Ofisye anchèf 2 ("CW2") Casey N. Frankoski nan Gad Nasyonal Lame Nouyòk t ap patwouye fwontyè Etazini ak Meksik toupre La Grulla, Texas lè yon aksidan trajik elikoptè te touye l nan dat 8 mas 2024. Li te deplwaye nan Texas nan mwa oktòb 2023, li te fè pati misyon sekirite fwontyè gouvènman federal la. CW2 Frankoski te enskri nan Gad Nasyonal Lame Nouyòk nan mwa oktòb 2016. Li te nonmen kòm yon ofisye manda an 2019 epi li te resevwa fòmasyon pou l vin yon pilòt elikoptè UH -60 Black Hawk. Li te monte nan ran ofisye manda 2 an 2021. CW2 Frankoski te deplwaye nan Kowet soti novanm 2018 rive septanm 2019 ak Detachman 5, Konpayi C, 2yèm Batayon, 245yèm Rejiman Aviyasyon. Inite a vole avyon transpò C-12 Lame a. Prim militè CW2 Frankoski yo genyen ladan yo Meday Konsiltasyon Lame a, Meday Akonplisman Lame a, Meday Sèvis Defans Nasyonal la, Meday Sèvis Lagè Global sou Teworis, Meday Ekspedisyonè Lagè Global sou Teworis, Riban Sèvis Lame, Meday Sèvis Fòs Lame, Riban Devlopman Pwofesyonèl Ofisye ki Pa Komisyonè, Meday Rezèv Fòs Lame yo, Badj Avyatè Debaz la, ak Badj Aviyasyon Debaz la.

Lejislasyon S.8939-A/A.9846-A chanje non pòsyon otowout sou State Route 40 ant Carvers Lane ak Warren Lane nan Schaghticoke (Konte Rensselaer) kòm "Otowout Memoryal Manm Asanble Pat M. Casale." Manm Asanble onore Pat Casale te sèvi pèp Konte Rensselaer, Albany, Saratoga, Greene ak Columbia nan Asanble a pou sèt manda. Li te konnen pou apwòch bipatit li ak kòlèg li yo ak koneksyon otantik ak elektè li yo, espesyalman vwazen li yo nan Troy ak Konte Rensselaer. Nan Konsèy Minisipal Troy, Pat te fonde Defile Jou Drapo vil la e li te jwe yon wòl enpòtan nan konstriksyon selèb Moniman Tonton Sam. Li te sèvi kòm Majistra Troy epi pita kòm Grefye Konte Rensselaer, kote lidèchip li te asire rezidan yo jwenn aksè nan sèvis gouvènman efikas. Li te tou yon veteran lame ameriken ki te sèvi nan konfli Koreyen an. Li te resevwa anpil onè sivik, tankou Prim Sitwayen Tonton Sam pou Ane a, Prim Ansyen Elèv Distenge Enstiti LaSalle, Prim Brunswick Lincoln, Prim Father Flanagan, ak prim Frank P. Kennedy nan Lansingburgh Boys and Girls Club.

Lejislasyon S.9764/A.6287-D chanje non pòsyon I-278 (Brooklyn-Queens Expressway) soti nan Pon Verrazano-Narrows rive nan 6th Avenue nan Brooklyn kòm "Otowout Memoryal Veteran Fort Hamilton."

Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta Nouyòk la, Viviana DeCohen, te deklare, "Aksyon sa yo make yon etap enpòtan nan angajman nou kontinye onore ak sipòte ewo Amerik yo. Lejislasyon ki fèk siyen ak dekrè egzekitif yo pral amelyore kalite sèvis sipò pou veteran Nouyòk yo ak fanmi yo, elaji opòtinite edikatif yo, epi elaji aksè a benefis esansyèl yo. Inisyativ sa yo asire tou ke veteran nou yo resevwa enfòmasyon enpòtan sou benefis yo te resevwa, bay sipò finansye adisyonèl pou antèman, epi komemore ewo Nouyòk ki tonbe sou wout ak pon yo. Nou eksprime rekonesans sensè nou bay Gouvènè Kathy Hochul paske li bay inisyativ vital sa yo priyorite epi asire veteran nou yo resevwa rekonesans ak sipò yo merite."

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Dapre lalwa ki te anvigè anvan an, se sèlman veteran ki te sèvi pandan lagè ki te elijib pou resevwa sèten avantaj Nouyòk. Avèk pwomilgasyon lwa sa a nan lwa, tout veteran - ak fanmi yo - pral gen aksè a benefis akòz veteran nan Etazini, kèlkeswa estati tan lagè pandan tan sèvis yo. Pandan ke nou ta dwe komemore ak rekonèt veteran nou yo pandan tout ane a, Jounen Veteran yo parèt espesyalman apwopriye pou fè sa. Asire benefis ki gen dwa yo se pi piti sa nou kapab fè pou moun pami nou ki te sèvi peyi nou an, e mwen rekonesan anvè Gouvènè a dèske li te siyen pwojè lwa sa a jodi a."

Senatè Eta, Peter Oberacker, te deklare, "Jodi a, nou onore kouraj ak sakrifis SP4 Herman Emil Anders, Jr., ki gen aksyon ewoyik nan Vyetnam enkòpore pi gwo tradisyon sèvis militè yo. Nou p ap janm bliye kouraj li ak aksyon dezenterese li yo, epi 'Pon Memoryal SP4 Herman Emil Anders, Jr.' pral kanpe kòm yon omaj dirab pou sakrifis li a. Mwen ta renmen remèsye Manm Asanble Angelino paske li te pote pwojè lwa sa a nan Asanble a, ak Gouvènè Hochul paske li te siyen lwa sa a. Ansanm, nou asire eritaj kouraj SP4 Anders ak devosyon li nan devwa li ap kontinye enspire jenerasyon k ap vini yo."

Senatè Eta Jessica Scarcella-Spanton te deklare, "Kòm Prezidan Komite Veteran, Sekirite Enteryè, ak Afè Militè, mwen gen onè ak privilèj pou m goumen pou veteran nou yo nan Sena Eta a jan yo te goumen pou nou. Mèsi Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè m yo ki t ap onore eritaj veteran Sid Brooklyn nou yo, elaji asistans ekolaj pou plis veteran, deziyen yon lyezon veteran ak tout ajans eta yo, epi pèmèt veteran yo resevwa plis enfòmasyon sou avantaj ki disponib pou yo nan lalwa. Chak jou nou bezwen kontinye onore eritaj moun ki te sèvi peyi nou an epi rann omaj pou devouman yo ak sakrifis yo pou sekirite ak libète."

Senatè Eta Monica R. Martinez, te deklare, "Lyetnan Kòmandan Phillip Wayne Johnson se te yon nonm ki te dedye lavi l nan sèvis, ni nan inifòm ni nan kominote li te renmen an. Bay pon sa a non nan onè li nan Jou Veteran yo se yon omaj apwopriye pou yon nonm ki gen eritaj entegrite ak jantiyès ke tout moun ki pase nan wout sa a ta

dwe sonje. Mwen remèsye Gouvènè a paske li siyen lwa sa a, ki fè nou sonje enpak dirab moun k ap sèvi yo genyen sou libète ak nan lavi vwazen yo."

Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare, "Veteran yo se yon poto fondasyon sosyete nou an ak rezon ki fè nou jwi libète nou privilejye genyen jodi a. Mwen pataje gwo rekonesans mwen ak tout veteran pou sakrifis yo. Mwen kontan paske Gouvènè Hochul ap komemore Jou Veteran yo lè li siyen anpil pwojè lwa enpòtan pou vin lwa, pou onore lespri jou sa a. Pwojè lwa mwen patwone a bay yon ajisteman anyèl nan ranbousman pou sèten antèman veteran yo, e mwen rekonesan anpil pou etap sa a. Remèsiman sensè mwen bay Gouvènè Hochul, Komisè Depatman Veteran Vil Nouyòk James Hendon pou sèvis san pran souf li pou veteran yo, ak kòlèg mwen an Manm Asanble Kimberly Jean-Pierre. Ankò, nou onore tout militè, retirete oswa aktif, ke devouman ak sakrifis fè li posib pou nou fè eksperyans libète."

Senatè Eta a, George Borrello te deklare, "Malgre li te kapab chwazi yon ranvwa agrikòl, Sèjan Shearing te pran desizyon dezenterese pou li enskri apre atak la sou Pearl Harbor, kote li te angaje l pou defann nasyon nou an epi finalman bay lavi l nan batay kont fasis an Ewòp. Nou pa janm ka ranbouse yon sakrifis konsa nèt, men nou ka onore memwa l. Nonmen yon pòsyon nan Route 19 nan vil kote li te grandi epi ki te vin nonm vyan, onorab ki te sèvi peyi li se yon ti fason pou rekonèt eritaj li. Devouman sa a pral ede asire jenerasyon k ap vini yo sonje Sèjan Shearing ak anpil lòt Ameriken brav ki te bay lavi yo pou pwoteje libète nou renmen anpil yo. Mwen rekonesan anvè Manm Asanble DiPietro pou patenarya lejislatif li a ak Gouvènè Hochul paske li te siyen mezi enpòtan sa a pou vin lwa."

Senatè Eta Jacob Ashby te deklare, "CW2 Casey Frankoski se yon ewo Ameriken. Jenewozite lespri li, kontni karaktè li ak kouraj san mank li rete yon enspirasyon pou nou tout nan Rejyon Kapital la. Fè pon sa a pote non li pral komemore sèvis li ak sakrifis pou jenerasyon k ap vini yo. Dèske Gouvènè a siyen pwojè lwa sa a nan Jou Veteran yo tèlman enpòtan, e m ap toujou rekonesan pou efò Manm Asanble John McDonald te fè pou l bay fanmi Casey ak tout kominote nou an omaj dirab sa a. Li toujou di pou nou konnen nou pa janm ka fè Casey tounen. Li enpòtan pou konnen nou p ap janm bliye l."

Senatè Eta Jacob Ashby te deklare, "Deplwaman Pat Casale pandan Lagè Koreyen an se te premye chapit nan yon lavi liv istwa ke sèvis piblik ak kouraj defini. Yon majistra devwe, yon grefye konte a li renmen anpil ak yon manm asanble eta maverick, Pat te travay san pran souf nan non tout elektè l yo e li te toujou chwazi satisfè bezwen moun yo pase politik patizan. Se yon omaj ki byen merite pou yon veteran ki gen valè fanmi, kominotè, ak sèvis ki reprezante pi bon nan nou."

Manm Asanble, Kimberly Jean-Pierre, te deklare, "Seleksyon pwojè lwa ke Gouvènè Hochul te siyen jodi a nan Jou Veteran yo reflekte angajman lejislati Eta Nouyòk la ap kontinye pou sipòte veteran yo ak fanmi yo. Antanke Prezidan komite Afè Veteran yo, mwen fyè pou m patwone lejislasyon ki ede amelyore lavi militan yo ak militè gason ak

fanm nou yo epi mwen remèsye veteran an fonksyon aktif nou yo ak veteran retirete nou yo pou sèvis yo bay peyi a."

Manm Asanble Joe Angelino te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè a paske li siyen pwojè lwa sa a epi ede asire ke Nouyòk byen onore epi sonje kouraj ak sakrifis Espesyalis Anders. Li apwopriye ke sa te fèt nan Jou Veteran yo, paske Espesyalis Anders te enkòpore menm patriyotis, sèvis dezenterese ak kouraj veteran nou yo enkòpore."

Manm Asanble, Aileen M. Gunther, te deklare, "Jounen Veteran yo raple nou pou nou remèsye moun ki sakrifye tout bagay pou kenbe peyi nou an sekirite. Kòm lejislatè ak ofisyèl piblik, se devwa nou pou onore ewo sa yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon sa a, ki rann omaj a youn nan ewo ki pi vanyan nan distri mwen an, Sòlda Premye Klas Richard C. Dunn."

Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul dèske w te siyen lejislasyon sa a nan Jounen Veteran sa a. Casey Frankoski te sèvi peyi nou an ak anpil enèji, angajman, ak kouraj. Casey te renmen sèvi peyi nou an e li te renmen lavi an jeneral. Lanmò li kite yon twou nan kè anpil moun epi nou espere ke devouman pon CW2 Casey N. Frankoski bay rekonfò pou moun ki rete dèyè yo. Anplis de sa, kite devouman sa a sèvi kòm yon enspirasyon pou moun ki pral pase anba ak sou pon sa a chak jou pou ankouraje tout moun angaje yo ak sèvi peyi nou an, travay pou rann demokrasi nou an vin pi fò toujou, respekte opinyon lòt moun, epi travay pou yon baz komen."

Manm Asanble Alec Brook-Krasny, te deklare, "Mwen rejwenn Senatè Jessica Scarcella-Spanton nan rekonesans pwofon mwen paske Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon konjwen nou an ki chanje non yon pati nan gran wout la ki pase devan Ganizon Lame Fort Hamilton. Yo pral konnen l kounye a kòm 'Otowout Memoryal Veteran Fort Hamilton.' Sa a se yon moman enteresan pou nou raple tout moun onè ak respè ke nou dwe genyen pou veteran nou yo. Yo se defansè demokrasi nou an e yo merite rekonesans sa a. Mèsi Gouvènè Hochul paske w te siyen lejislasyon sa a. Nou p ap janm bliye veteran nou yo!"

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Pandan n ap selebre Jounen Veteran yo, mwen apresye Gouvènè a ki siyen pwojè lwa mwen an ki pral bay bokou plis veteran opòtinite pou yo ale nan edikasyon siperyè. Edikasyon se youn nan blòk konstriksyon kominote nou yo. Mwen trè rekonesan pou tout sèvis Veteran nou yo. Mèsi a moun ki te sèvi gwo nasyon nou an e mwen espere ke tout veteran yo ka sèvi ak etap edikatif sa a pou plis sèvi gwo kominote nou yo ak nasyon an!"

Komisè Depatman Sèvis Veteran Vil Nouyòk la, James Hendon, te deklare, "Adopsyon lwa sa a se yon etap enpòtan nan onore veteran nou yo epi sipòte aspirasyon edikatif yo. Elaji aksè nan Pwogram Prim Ekolaj Veteran yo pral ouvri pòt pou yon pakèt veteran, sa ki pèmèt yo pouswiv edikasyon siperyè ak briye nan domèn

yo chwazi yo. Ajans nou an enpasyon pou wè enpak sou moun ki te sèvi ak fè sakrifis pou peyi nou an."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)